



Kijan pou w Rete an Sekirite pandan Sezon Fèt la



Ke ou vwayaje pre oswa lwen, si w ap reyini ak fanmi ak zanmi, konsidere 7 etap kle sa yo:

01. Lave men w ak savon ak dlo lè w rive lakay nenpòt moun. Repete sa pandan tout jounen an.



02. Mete mask. Rechèch montre ke COVID-19 la ka gaye nan pale san mask. Lè ou pap manje oswa bwè, mete mask andedan kay la. Lè w ap manje oswa bwè, ESEYE minimize pale. Raple youn lòt pandan tout jounen an pou mete mask.



03. Si w ap reyini andedan kay la, amelyore vantilasyon nan louvri fenèt yo ak pòt yo. Si ou gen yon pirifikatè ak lè, espesyalman ak yon filtè HEPA, tanpri itilize li! OSWA, de preferans...



04. Mete anpil rad epi selebre deyò! Li pi an sekirite pase andedan kay la. Fanmi w ka manje deyò oswa fè yon ti mache.



05. Tanpri pran prekosyon ekstra bò kote moun ki ka gen pi gwo risk pou maladi grav nan COVID-19, tankou adilt ki pi aje yo oswa sa yo ki gen kondisyon medikal kache.



06. Fè tès anvan nou reyini, si sa posib. Menm si yon tès antijèn rapid ak yon tès viral (PCR) ka toulede akseptab, yon tès PCR preferab.



07. Si w ap vwayaje andeyò zòn Boston an, fè tès la 3-5 jou apre ou retounen lakay ou. Menm si yon tès antijèn rapid ak yon tès viral (PCR) ka toulede akseptab, yon tès PCR preferab. Wè tout detay yo nan seksyon B6 Manyèl Sekirite ak Etablisman CPS COVID-19 yo: www.bit.ly/cpscovidmanual



Sonje byen, nou nan mitan yon pandemi ak yon vag epi nou pa ka bese gad nou pandan sezon fèt sa a. Nou dwe konbat pandemi sa a ansanm.